



Pou Piblikasyon Imedya: 24/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMOSTRASYON ESTOKAJ ENÈJI KI DIRE LONTAN LÈ  
YO SÈVI AK TEKNOLOJI BATRI KI AN SEKIRITE KONT ENSANDI**

***Otorite Enèji New York la, Enèji Eleketrik Iben ki baze nan Konte Rockland ak EPRI pral  
devlope enstalasyon nan Konte Westchester ak nan SUNY Oneonta pou montre  
fezabilite teknoloji estokaj ki an sekirite kont ensandi***

***Finansman Depatman Enèji Ameriken an pral avanse nouvo teknoloji, sipòte itilizasyon  
enèji renouvlab ki pi laj sou rezo elektrik la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta New York pral resevwa finansman Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Ameriken an pou yon pwojè demonstrasyon estokaj enèji ki dire lontan ki pral sèvi ak teknoloji batri ki an sekirite kont ensandi Teknoloji a ka itilize nan anviwònman iben ak riral yo pou demontre yon rezèv enèji ki estab pandan peryòd gwo demann ak nan kondisyon metewolojik ekstrèm yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a epi li make pwogrè pou reyalize yon sis jigawat estokaj enèji ki pi k ap mennen nan peyi a anvan 2030.

"Estokaj enèji ki asire yon rezèv kouran ki an sekirite ak fyab enpòtan anpil pou avni enèji pwòp New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou sipòte pwojè dènye kri yo—tankou enstalasyon sa yo ki bay yon peryòd depo pwolonje—nou pral valide nouvo teknoloji epi montre kijan estokaj rezo ka entegre san danje epi yon fason efikas nan kominote yo atravè eta a."

Pwojè a pral devlope pa Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) Enèji Eleketrik Iben (Urban Electric Power, UEP) ki baze nan Konte Rockland ak Enstiti Rechèch sou Enèji Eleketrik (Electric Power Research Institute, EPRI) ak yon enstalasyon nan Grasslands Reservation (Rezèv Preri) Konte Westchester nan Valhalla ak yon lòt nan kanpis Oneonta Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) la.

Yo te chwazi pwojè a pou resevwa finansman pa DOE ak entansyon pou katalize pwojè demonstrasyon estokaj enèji ki dire lontan (long-duration energy storage, LDES) ki gen anpil enpak epi ki kapab bay elektrisite pou 10-24 èdtan, sa ki depase sistèm konvansyonèl ki dire yon ti kout tan ke lityòm-ion ka sipò anjeneral. Sibvansyon finansman plis pase 6.5 milyon dola pral kouvri mwatye nan depans pwojè 13.1 milyon dola epi li te posib grasa Lwa sou Investisman ak Travay nan Enfrastruktiri (Infrastructure Investment and Jobs Act) a.

Otorite Enèji a, ki se pi gwo sèvis piblik leta nan peyi a, te demontre ekspètiz nan teknoloji enèji pwòp epi yo pral fè patenarya ak UEP, yon fabrikasyon batri ki baze nan Pearl River, pou ede sistèm LDES simonte baryè teknik ak enstitisyonèl yo pou reyalize yon adopsyon ki pi laj. EPRI, yon òganizasyon endepandan san bi likratif nan rechèch ak devlopman (R&D) nan enèji, ap bay ekspètiz teknik ak endistriyèl ak konsèy sou preparasyon pou teknoloji, evalyasyon sekirite, devlopman pwotokòl tè, analiz tekno-ekonomik, plan operasyon, ak plan avantaj kominote a.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Otorite Enèji a envesti nan pouswiv devlopman teknoloji ki nesèsè yo ki pral sipòte entegrasyon pwodiksyon renouvlab yo pandan y ap asire tou ke kouran an disponib pandan peryòd gwo demann yo. Pwojè estokaj enèji ki dire lontan epi ki modèn sa a ap chèche demontre yon teknoloji enèji pwòp ki pi an sekirite, ki montre lidèchip Eta New York nan akselere tranzisyon an nan resous renouvlab yo ak valide itilizasyon sistèm sa yo pou satisfè bezwen kliyan yo ak rantabilite komèsyal yo."

**PDG Urban Electric Power Sanjoy Banerjee, te deklare,** "Se yon onè pou nou bay solisyon estokaj enèji pou pwojè revolusyonè sa yo. Kòm demann lan pou depo enèji ki dire lontan ap grandi, teknoloji inovan zen-manganèz UEP a enpoze yo kòm yon altènatif rantab ak san danje. Pwojè sa yo fikse pou amelyore rezistans rezo elektrik New York la epi demontre kontribisyon enpòtan batri zen yo nan direksyon yon peyizaj enèji dirab."

**Vis Prezidan Rezo Entegre ak Sistèm Enèji nan Enstiti Rechèch sou Kouran Elektrik la, Daniel Brooks, te deklare,** "EPRI depi lontan te alatèt rechèch sou sekirite nan estokaj enèji batri ak efò pou bay konsomatè yo enèji ki fyab, rezistan. Nou pa ka tann pou nou patisipe nan pwojè sa a, n ap travay ak kolaboratè yo nan efò pou nou bay kouran fyab pandan move tan ak gwo demann yo."

Teknoloji a ap enstale nan de sit divès rejyonal nan Eta New York pou demontre fezabilite nan diferan anviwònman jwografik pou diferan karakteristik chaj. Chak sistèm pral gen 300 kilowat ak 12 èdtan oswa plis ap fonksyone epi yo ofri potansyèl pou redui bòdwo elektrik atravè rediksyon chaj demann ki soti nan arè pik la. Pwojè SUNY Oneonta a pral sipòte tou yon pwochen pwojè solè sou plas, k ap ede reyalize plan enèji pwòp alontèm kanpis la. Y ap detèmine kote egzak sit la nan chak kanpis kòm yon pati nan premye faz travay la. Konstriksyon ap kòmanse an 2026 epi enstalasyon yo pral fonksyone an 2028.

Otorite Enèji a pral sipòte pwojè estokaj yo ak pwogram sansibilizasyon edikasyon enèji nan kominote ki pa gen anpil resous ki sitiye tou pre sit demonstrasyon yo. NYPA, atravè pwogram jistis anviwònman li etabli, pral sipòte yon plan avantaj kominotè ki konsantre sou pwogram edikasyon, bay STEM, preparasyon pou karyè ak kolèj, ak atelye alfabetizasyon sou estokaj enèji pou adilt. Y ap fòme yon gwoup travay ki enkli moun ki gen enterè nan kominote a ki enplike lekòl lokal yo, gouvènman, inivèsite, kolèj kominotè, ak òganizasyon kominotè yo. Gwoup travay la pral dirije devlopman ak deplwaman pwogram ki pral priyorize popilasyon ki pa jwenn ase sèvi yo.

Dapre DOE, teknoloji estokaj enèji jodi a pa sifizaman adapte oswa abòdab pou sipòte itilizasyon gwo enèji renouvlab sou rezo elektrik la. Estokaj enèji ki dire lontan ki pi bon mache ka ogmante fyabilite ak detèminasyon rezo a pou ke elektrisite pwòp, fyab, abòdab disponib pou tout moun. Pwojè yo chwazi yo pral ede tou atenn objektif DOE nan tout peyi a pou redui depans estokaj yo a 90 pousan nan deseni an epi demontre potansyèl pou kreye bon jan kalite djòb alontèm nan fabrikasyon, enstalasyon ak antretyen enèji pwòp.

Kòm sous enèji renouvlab tankou van ak solè bay yon pòsyon k ap grandi nan elektrisite Eta New York la, estokaj la pral pèmèt enèji pwòp disponib lè li pi nesese. New York gen pou objektif pou deplwaye 6,000 megawat estokaj anvan 2030 epi ane pase a, Gouvènè Hochul te rasanble yon gwoup travay sekirite kont dife ant ajans yo pou fè rekòmandasyon konsènan pwoblèm sekirite batri yo.

### **Batri Zen yo: Sekirize ak Disponib Nasyonalman**

Pwojè yo pral demontre fezabilite batri zen manganèz diyoksid UEP yo nan gwo echèl ak sistèm estokaj enèji ki dire lontan. Batri yo sèvi ak yon chimik ki an sekirite kont dife ki sèvi ak matyè premyè ki pa koute chè epi ki disponib lajman nan peyi a, ki ka fasilman bay atravè rezèv ki egziste deja—epi plis pase 75 pousan machann materyèl bwit UEP yo baze nan Etazini. Batri yo gen menm chimi ak batri domestik yo epi yo espere montre pèfòmans konparab ak batri lityòm-ion san pwoblèm sekirite ak chè apwovizyonman esansyèl.

Yon demonstrasyon ki reyisi ta ka pèmèt mache adopsyon teknoloji UEP a lè li pwouve diminyon risk teknoloji ak diminye demann sou enfrastrikti rezo atravè rediksyon chaj demann nan moman pik yo. Yo te pilote batri yo avèk siksè nan yon echèl ki pi piti nan plizyè enstalasyon depo enèji.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "Felisitasyon pou SUNY Oneonta pou seleksyon li kòm youn nan de sit pou pwojè demonstrasyon estokaj enèji dènye kri, ki dire lontan, ki gen potansyèl pou bay rezistans klimatik ak avantaj jesyon demann. Pwojè sa a ki lye dirèkteman ak sistèm distribisyon kanpis la se jis yon lòt egzanp sou fason SUNY ap kolabore ak patnè eta ak federal nou yo pou devlope nouvo fason pou bay kanpis nou yo enèji dirab epi, finalman, avanse objektif klimatik anbisye Gouvènè Hochul ak Eta New York la."

**Prezidan SUNY Oneonta Alberto J.F. Cardelle, te deklare,** "SUNY Oneonta angaje l pou l fè patenarya ak vizyonè anviwònmantral yo nan eta New York ak odela. Sèvi ak kanpis nou an pou òganize ak etidye nouvo teknoloji enèji pwòp sa a se yon opòtinite valab pou konstwi solisyon evolutif pou bezwen enèji rejyonal nou yo, bay pwogram edikatif pou elèv nou yo ak kominote nou yo, epi ankouraje nouvo efò devlopman ekonomik nan Mohawk Valley. Antanke ko-prezidan Konsèy Konsiltatif pou Dirabilite SUNY an, mwen espere travay ak patnè nou yo atravè SUNY sou opòtinite pou m pwofite ak bati sou inisyativ dènye kri sa a."

**Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare,** "Nan sa ki gen pou wè ak nouvo teknoloji enteresan tankou pwojè estokaj enèji ki dire lontan sa a nan New York, resèt majik la se investisman federal ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti & Travay Bilateral nou an ki ranfòse syans ak rechèch piblik ak prive premye plan – tankou sa NYPA ak Urban Electric Power nan Rockland te fè – pou amelyore inovasyon nan batri ak estokaj enèji, elaji enèji pwòp epi kreye travay. Teknoloji estokaj batri ki pi bon, ki pi efikas, ki pi an sekirite – ki ka ede tou bese pri enèji yo – pral ede New York diminye depandans sou konbistib fosil sal, dinamize ekonomi an epi sipòte batay kont chanjman klimatik la. Mwen fyè pou m ede distribiye envestisman federal enpòtan sa a bay New York epi mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul ap fè pou asire ke finansman federal sa a itilize pou alimante avni enèji pwòp NY la."

**Lidè Majorite a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare,** "Pandan n ap kontinye travay pou objektif klima agresif nou yo, sibvansyon Depatman Enèji Ameriken an bay pou sipòte etokaj batri alontèm lè yo sèvi avèk teknoloji batri ki san danje kont dife, enpòtan anpil pou avni enèji pwòp New York la. Avèk enstalasyon nan Grasslands Reservation Konte Westchester nan Valhalla ak SUNY Oneonta, pwojè sa a pral demontre fezabilite estokaj enèji ki dire lontan pandan n ap kontinye tranzisyon nou an nan resous renouvlab yo. Sibvansyon sa a pèmèt

potansyèl pou diminye bòdwo elektrik pou kliyan nan kominote nou an, sa ki enpòtan anpil nan yon moman kote pri enèji yo wo. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak patnè nou yo pou angajman yo pran pou avanse solisyon enèji dirab ak amelyore rezistans enèji eta nou an."

**Senatè Eta, Peter Oberacker, te deklare,** "Felisitasyon pou Otorite Enèji New York la poutèt li te jwenn sibvansyon sa a nan men Depatman Enèji Etazini an. Sa a se yon etap enpòtan nan amelyore fyabilite rezo a pou kominote nou yo atravè estokaj enèji ki dire lontan, epi mwen pa ka tann enstalasyon pwojè a sou kanpis SUNY Oneonta."

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare,** "Anons jodi a sou plis pase 6.5 milyon dola nan finansman pou pwojè demonstrasyon estokaj enèji ki dire lontan se yon etap enpòtan pou fè tranzisyon enèji pwòp nou an avanse pou pi devan. Pwojè LDES ki san danje kont dife sa yo pral gen kapasite pou bay elektrisite pou jiska 10-24 èdtan, sa ki pèmèt Eta New York kenbe fyabilite rezo a pandan n ap kontinye elaji sous enèji renouvlab yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Depatman Enèji Ameriken an pou sipò yo nan pwojè enpòtan sa a."

**Manm Asanble Brian Miller, te deklare,** "Sekirize sibvansyon sa a nan men Depatman Enèji Ameriken an se yon etap enpòtan. Nou bat bravo pou kolaborasyon ant Otorite Enèji New York (NYPA) la, Enèji Eleketrik Iben (UEP), ak Enstiti Rechèch sou Kouran Elektrik (EPRI) la, ki pral non sèlman montre dènye teknoloji estokaj batri ki dire lontan, men tou ki pral ranfòse angajman New York pou solisyon enèji inovan yo. Avèk youn nan enstalasyon ki sitiye nan SUNY Oneonta, nou pare pou nou bay egzanp, pou demontre wòl enpòtan estokaj enèji alontèm kapab jwe nan amelyore rezistans rezo a."

**Manm Asanble MaryJane Shimsy, te deklare,** "Estokaj enèji ki dire lontan se kle pou atenn objektif Iwa Build Public Renewables (Konstwi Enèji Renouvlab) New York la. Li vle di tou bay kèk rediksyon pri pou rezidan nou yo lè li konpanse demann nan moman pik yo. Pandan n ap chèche konstwi enfrastruktir enèji vèt nou an, kanpis Grasslands la pral sèvi kòm yon sit modèl pou nouvo teknoloji ak devlopman LDES. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan Depatman Enèji a pou investisman sa a nan rejyon nou an."

**Kad Egzekitif Konte Westchester, George Latimer, te deklare,** "Lè li òganize pwojè sa a nan Grasslands Reservation, Konte Westchester ap franchi yon etap nan direksyon enèji ki pi an sekirite ak pi pwòp. Inisyativ estokaj avanse ki dire lontan sa montre angajman nou anvè resous renouvlab yo, ki montre lidèchip Eta New York sou Gouvènè Kathy Hochul. Ansanm ak Otorite Enèji a, Enèji Elektri Iben a, ak EPRI, n ap avanse inovasyon, n ap asire enèji ki fyab epi n ap ranfòse devouman nou pou pwogrè anviwonmantal ak edikasyon enèjetik. Ansanm, n ap fasone yon avni dirab pou kominote nou an ak odela."

**Majistra Vil Oneonta, Mark Drnek, te deklare,** "Nan non Vil Oneonta, mwen vle pataje eksitasyon nou pou potansyèl kolaborasyon Eta a, SUNY Oneonta ak Otorite Enèji New York la. Estokaj ki dire lontan ka bay sitwayen nou yo yon avantaj ekonomik pandan y ap asire yon kapasite enèji ki pral benefisye kominote nou an nan plizyè fason. Sa a se yon bèl egzanp patenarya pou byen piblik la, epi nou rekonesan anvè tout moun ki te fè sa rive."

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York

(New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp, ak 130 Kominote Entèlijans fas ak Klima (Climate Smart Communities, CSC) sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ sivayans lè kominote eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik.

### **Enfòmasyon sou NYPA**

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 17 etablisman ki ap jenerer elektisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektisite yo vann. Pou plis enfòmasyon, vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)